

Deklarasyon Enpak sou Ekite Konpozan Plan Enstalasyon Alontèm BPS y

Tit: Planifikasyon Enstalasyon Alontèm yo: Etid Dizay Lekòl

Dat: 15 Novanm 2023

Èske [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal \(Racial Equity Planning Tool, REPT\)](#) itilize? Wi Non

Si wi, ensere dat (yo) reyinyon REPT yo ansanm ak lyen pou REPT ki konplete a:

[Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal - Etid Dizay Lekòl](#), 14 ak 21 Novanm 2022 (travay sou REPT pou Nouvèl Akò Ekolojik te kòmanse an jeneral 23 Avril 2023)

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflete idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino/o/x-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Etid Konsepsyon Lekòl la gen ladan l divès konpozan ki pral enfòme pwofondeman Plan Enstalasyon Alontèm BPS yo, epi pral fòme yon fèydewout pou modifiye anprent fizik distri a. Etid Dizay Lekòl la pral ede BPS ak Vil Boston akselere pwojè konstriksyon ak renovasyon lekòl yo nan rakousi faz planifikasyon/pwogramasyon an, nan fè pase pwojè yo pi rapidman an konsepsyon ak an konstriksyon, epi kreyasyon yon kad transparan pou priyoreze investisman yo nan objektif pou reyalize divès investisman ekitab ak fonde sou divès done, divès desizyon sible ak kolaborativ.</p> <p>Anprent BPS aktyèl la pa sipòte vizyon nou an pou yon eksperyans elèv wot kalite. Antan ke sistèm lekòl piblik ki pi ansyen nan Etazini, BPS gen yon istwa rich ekselans ak inovasyon, men istwa li pwofondeman anrasine nan rasism enstitisyonèl. Batiman nou yo se yon sentom ak yon manifestasyon fizik plizyè ane disparite ak inekite rasyal, priz desizyon difere.</p> <p>Plan Enstalasyon Alontèm yo gen ladan yo divès done ak zouti ki devlope an kolaborasyon pa Depatman BPS ki Responsab Planifikasyon, enstalasyon, Eka Opòtinite, Planifikasyon ak Analiz, ak Avansman Fanmi ak Kominote; Depatman Enstalasyon Piblik Vil Boston; ak Biwo Majistra. De sosyete konsèy ekstèn te ede avèk konpozan ki plis teknik yo. Gwoup planifikasyon an idantifye antan ke 50% Nwa, 30% Blan, ak 20% Latina/o/x.</p> <p>Prezantasyon sa konsantre sou twa konpozan Plan Enstalasyon Alontèm lan: espesifikasyon pedagogik yo, nòm konsepsyon yo, e ak ribrik priz desizyon an.</p> <p>Modèl Konstriksyon yo dekri ansanm espas ideyal ke batiman yo dwe founi pou soutni yon Eksperyans Elèv Wot Kalite. Espesifikasyon Pedagogik yo ak Nòm Konsepsyon yo konstitiye Modèl Konstriksyon nou yo, ki pral sèvi antan ke baz pou pwojè konstriksyon/renovasyon fiti yo, nan rakousi dèle nesèsè pou mennen pwojè yo nan konsepsyon e ak nan konstriksyon. Sa yo konsantre sou batiman lekòl PreK-6 ak 7-12.</p> <p>Zouti priz desizyon ke nou rele yon ribrik entegre done yo sou kondisyon batiman yo ansanm ak potansyèl pou reponn ak espesifikasyon modèl batiman alavni an. Li pèmèt nou teste senaryo investisman epi evalye enpak nan itilize done dezintegre elèv yo sou baz ras, etnisite, lang matènèl ak andikap.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Angajman #4: Elaji Opòtinite – Finansman jis ak ekitab ansanm ak divès anviwònman akeyan</p> <p>Objektif prensipal Plan Enstalasyon Alontèm yo se pou fè yon eksperyans elèv wot kalite yon reyalite nan echèl distri a, fonde sou vizyon ke tout elèv Boston yo ak fanmi yo kapab</p>

	<p>aksede ak yon Eksperyans Elèv Wot Kalite toupre kay yo.</p>
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Done seyans ekout yo, gwoup konsantrasyon yo, ak sondaj la te itilize pou atikile priyorite kominote kolektif nou yo pou lekòl nou yo ak Distri nou an. Priyorite sa yo konstitiye Eksperyans Elèv Wot Kalite a – sa ki ta dwe vrè pou chak elèv, nan chak lekòl, nan chak katye.</p> <p>Fen 2022 ak kòmansman 2023, BPS ak ekip konsiltan nou an te mache toupre chak batiman lekòl pou evalye ki espas entèn ak ekstèn ki egziste, kòman espas yo ap itilize, ansanm ak kalite chak espas. Done sa yo, ansanm ak done ki soti nan Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon separe yo, yo itilize yo pou evalye kòman chak batiman BPS kapab byen sipòte aktyèlman yon Eksperyans Elèv Wot Kalite nan kat kategori ak plizyè douzèn mezi. Nou te evalye kapasite chak batiman/sit pou adapte ak yon modèl batiman atravè investisman alavni yo (rekonfigirasyon, renovasyon, oubyen nouvo batiman yo).</p> <p>Ribrik priz desizyon an se yon kad baze sou divès done pou teste enpak potansyèl diferan senaryo investisman. Done swivan yo ap itilize nan zouti a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Eskò Eksperyans Batiman, yon koleksyon mezi yo (done ki soti nan vizit gide lekòl yo, plan sit yo, ak Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon yo) ki evalye yon kapasite aktyèl batiman pou sipòte Eksperyans Elèv Wot Kalite a. • Kapasite pou sipòte yon modèl batiman alavni atravè investisman an kapital majè, baze sou done ki soti nan plan etaj ak plan sit yo, analiz kapasite, egzijans modèl konstriksyon yo, e ak sipèfisi an pye kare yo • Pwoksimitè/aksè elèv yo ak fanmi yo, ki gen ladan yo enfòmasyon sou adrès anonimize sou elèv yo ak enfòmasyon demografik, vantile pa ras, orijin etnik, lang ak andikap, • Bezwen/opòtinite katye a, ki gen ladan l done ki soti nan Endis Vilnerabilite Sosyal Boston Ready Climate ak Sant pou Kontwol Maladi (Center for Disease Control, CDC) <p>Ribrik priz desizyon an konsevwa pou evalye enpak sou divès senaryo investisman potansyèl, ki gen ladan l enpak ki vantile pa gwoup elèv (pa ras, etnisite, lang, ak andikap). Sa pral sipòte itilizasyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal pou tout pwojè kapital alavni yo.</p> <p>Nou ap planifye pou entegre divès sous done adisyonèl alavni, sou baz kòmantè nou te tandè pandan seyans tandè inisyal yo ak gwoup konsantrasyon yo; konvèsasyon endividyèl ak an ti gwoup ankou yo avèk entèvenan BPS yo; ansanm ak atelye sou ribrik nou te òganize an Oktòb ak Novanm 2023. Sigjesyon yo gen ladan yo evalyasyon modèl investisman kapital yo nan Boston ofilditan, ansanm ak kwasans popilasyon an ki pwojte pa katye.</p>
<p>4. Angajman Aksyonè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Zouti sa yo te enfòme gras ak divès kòmantè ki soti nan piblik la. Angajman te gen ladan l yon total 21 seyans ekout piblik ak divès gwoup diskisyon kominotè, ki bay nesans ak divès konvèsasyon apwofondi avèk plis pase 500 elèv, fanmi, edikatè, ansyen elèv ak patnè kominotè konsènan eksperyans, difikilite ak espwa BPS pou detèmine divès priyorite kolektif. Yo te idantifye patisipan yo antan ke 36% Nwa, 36% Blan, 22% Latina/o/x, ak 8% Azyatik; 20% ki idantifye kòm elèv oubyen fanmi aprenan miltileng; ak 20% antan ke elèv ki andikape oubyen fanmi pa yo. 41% se te manm èd swayan/fanmi yo; 24% manm kominote; 19% elèv; ak 17 % pèsònèl BPS. Pwosesis sa te gen ladan l tou yon sondaj avèk plis pase 9 000 repons. Repondan yo se te 45% Blan, 24% Latina/o/x, 21% Nwa, ak 10% Azyatik; 49% èd swayan/manm fanmi, 29% pèsònèl, 9% elèv, ak 5% ansyen elèv.</p>

Priyorite ki sòti nan seyans ekout yo ansanm ak sondaj yo gen ladan yo:

- Divès pwogram akademik regilye, wot kalite, ki gen ladan yo pou elèv ki andikape yo, ak aprenan miltileng ki genyen oubyen ki pa genyen andikap yo
- Sipò pou sante mantal ak sosyo-emosyonèl
- Ogmantasyon sipò pou pwofesè yo ak pèsònèl la
- Antretyen nan etablisman lekòl yo
- Espas entèn yo pou sipòte yon eksperyans elèv ki rich, tankou sal atizay ak laboratwa syans
- Espas deyò pou aprann, jwe ak fè espò
- Kondisyon anviwònmantal entèn ekselan yo
- Prevansyon kont entimidasyon ak vyolans
- Pwosesis afektasyon lekòl
- Enplikasyon elèv yo, fanmi yo, ak pèsònèl la nan priz desizyon BPS
- Fòmasyon teknik ak pakou pwofesyonèl
- Pwogram avan ak apre lekòl
- Transpò an sekirite ak fyab
- Edikasyon enklizif
- Fòmasyon ak sipò pou edikatè yo sèvi elèv ki andikape avèk efikasite

Anplis de yon angajman piblik, edikatè BPS yo, administratè yo, ak lòt Biwo Santral ansanm ak pèsònèl ki baze nan lekòl yo te enplike pandan tout pwosesis sa, an patikilye nan devlope espesifikasyon edikatif yo. Patnè yo nan Vil Boston ki gen ekspètiz teknik nan konsepsyon ak konstriksyon, adaptasyon klimatik, aksesibilite, ak lòt domèn, te enplike fòtman nan devlopman nòm konsepsyon yo. Entèvenan sa yo te travay pandan tout ane a pou imajine ak kisa lekòl BPS yo ak enstalasyon yo dwe sanble, epi kontribisyon sa te konbine avèk politik BPS yo, pi bon pratik yo, ak divès estanda endistri pou kreye yon premye eboch Espesifikasyon Edikatif ak divès Nòm Konsepsyon. Lidèchip BPS ak Vil Boston te apresa revize sa yo apresa nan divès gwoup travay ak kòmantè ekri.

Pwogrè vè devlopman zouti a te pataje an senk reyinyon entèvenan:

- De wèbinè piblik pou manm kominote yo aprann plis sou travay sa ansanm ak kòman priyorite kominote yo te fasone kad ribrik la.
- Twa atelye travay an pèsòn pou manm kominote yo itilize ribrik ak teste divès senaryo. Divès ti gwoup te pakouri ribrik la epi te diskite sou divès ansèyman yo tire epi founi divès kòmantè sou zouti a ak pwosesis la.

Ekip la te rankontre tou avèk kabinè Chèf Etablisman, Chèf Etablisman Rejyon 1 yo, ak dirijan Sendika Pwofesè Boston yo. Ekip la te pwograme oubyen ap pwograme divès reyinyon avèk divès pati prenan kle, ki gen ladan yo Konsèy Konsiltatif Elèv Boston lan, Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal, Konsèy Paran nan Echèl Vil la, ak Komite Konsiltatif Distri a pou Aprenan Anglè yo.

<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Etid Konsepsyon Lekòl la pral ede Distri a pran desizyon sou enstalasyon yo avèk plis transparans epi akselere pwojè konstriksyon yo ak renovasyon yo. Espesifikasyon Edikasyon ansanm ak Nòm Konsepsyon yo, pral akselere faz konsepsyon an. Dokiman sa yo aktyèlman ap elabore aktyèlman, epi yon optik ekite pral kontinye aplike pandan y ap evolye.</p> <p>Zouti sa santre elèv Nwa ak koulè klè yo, elèv andikape yo, ak aprenan miltileng ki genyen epi ki pa genyen andikap yo pou gide priz desizyon konsènan priyorite investisman nan enstalasyon yo. Zouti sa pral ede fèmen eka opòtinite yo nan ede itilizasyon yo priyorize popilasyon elèv ki majinalize tradisyonèlman yo.</p> <p>Zouti a dezagreje demografik elèv yo epi li konsevwa pou konprann enpak diferan senaryo investisman sou diferan gwoup elèv. Li pèmèt tou konsiderasyon enpak katye a, nan idantifye divès investisman ki t ap fè enpak an patikilye sou sektè resansman ki idantifye kòm genyen yon Vilnerabilite Sosyal elve, selon divès endis done ki soti nan CDC ak/oubyen Boston Ready Climate. Zouti a pral ede itilizasyon yo konplete etap #3 (Analiz Done) REPT pou pwopozisyon investisman nan enstalasyon alavni yo.</p> <p>Etid Konsepsyon Lekòl la pral ede BPS pran desizyon alavni yo konsènan nouvo batiman yo, renovasyon majè yo, fizyon yo, rekonfigirasyon klas yo, ak fèmtye yo nan objektif nou pou yon eksperyans elèv wot kalite. Desizyon sa yo pran fondamantalman sou kreyasyon divès eksperyans aprantisaj enklizif, akeyan ak enspiran, pou fè pwogrese opòtinite yo ak pou demantle inekite yo.</p>
<p>6. Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman ekzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip ekzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Nan kòmansman 2023, Distri a te lanse yon nouvo ekip Planifikasyon Kapital, ki gen ladan l elve dirijan ekip la nan yon pozisyon nivo Chèf pou premye fwa. Ekip la ap travay an patenarya tèt kole avèk Biwo Majistra sou efò sa. Ekip Planifikasyon Kapital la (60% Nwa, 10% Latina/o/x, ak 30% Blan) ak yon gwoup nan Biwo Majistra (50% Nwa, 25% Latina/o/x, ak 25% Blan), an patenarya avèk lòt yo nan distri a ak Vil la, pwofondeman angaje pou pote yon optik ekite nan gwo pwojè sa.</p> <p>Gras ak seri inisyal pwojè investisman ki anonse nan kad Nouvèl Akò Ekolojik la, Vil Boston te angaje yon montan 2 milya dola pou divès investisman kapital nan batiman BPS yo. Byenke investisman sa enpòtan, bezwen BPS nan kesyon anprent fizik pral bezwen yon travay kontini sou plizyè deseni. Ribrik la pral gide yon priz desizyon ekite sou fason resous yo depanse, nan pwofi elèv Nwa ak koulè klè nou yo, elèv ki andikape yo, ak aprenan miltileng ki gen ak ki pa gen andikap yo. Espesifikasyon edikatif yo ak nòm konsepsyon yo pral pèmèt Vil la ak BPS fè avanse pi rapidman pwojè investisman yo vè konsepsyon ak konstriksyon pou akselere ritm travay enpòtan sa.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokiman epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Espesifikasyon edikatif yo, nòm konsepsyon yo, ak ribrik priz desizyon yo se twa konpozan nan Etid Konsepsyon Lekòl ki pral enfòme Plan Enstalasyon Alontèm yo, ki se yon egzijans nan Plan Amelyorasyon Sistemik lan. Yo dwe soumèt plan bay Depatman Edikasyon Primè ak Segondè an Desanm 2023, epi pral gen ladan l yon sik revizyon kontini. Nou konsidere 2024 se yon ane aprantisaj pandan nou ap aplike kad done sa yo pou premye fwa. Nou atann pou fè evolye kontinyèlman fason zouti a itilize ak mete an èv an patenarya avèk manm kominote yo.</p>